

Moun aje ki se benefisyè egzansyon yo dwe aplike pou STAR Amelyore apa

Avan, moun aje ki te kalifye pou *Egzansyon Fiskal Pasyèl pou Byen Imobilye Moun Aje yo* (ki te rele egzansyon pou moun aje a) te jwenn egzansyon STAR Amelyore a otomatikman.

Paske vin gen chanjman nan lwa Eta New York, kòmanse ak aplikasyon pou 2019 yo, ou dwe aplike apa pou egzansyon moun aje a ak egzansyon STAR Amelyore a.

Pou aplike oswa renouvle egzansyon STAR Amelyore a, swiv enstriksyon yo ki detaye nan tiliv sa a.

Pou aplike oswa renouvle egzansyon pou moun aje a, depoze fòm ki apwopriye anba a ak evalyatè ou:

- **moun k ap aplike pou premye fwa yo** dwe depoze Fòm RP-467, *Application for Partial Tax Exemption for Real Property of Senior Citizens (Aplikasyon pou Egzanpsyon Fiskal Pasyèl pou Byen Imobilye Moun Aje yo)*.
- **moun k ap renouvle yo** dwe depoze Fòm RP-46-Rnw, *Renewal Application for Partial Tax Exemption for Real Property of Senior Citizens (Renouvèlman Aplikasyon pou Egzanpsyon Fiskal Pasyèl pou Byen Imobilye Moun Aje yo)*.



Dat limit yo

Dat limit pou aplikasyon yo se 1ye mas nan pifò kominote, men dat la varye nan kèk zòn. Kontakte evalyatè ou a pou w ka konnen dat limit nan zòn ou a.

Èske ou bezwen fòm?

Ou ka telechaje fòm pou STAR Amelyore ak fòm egzansyon pou moun aje yo nan sitwèb Depatman Taks la nan www.tax.ny.gov, oswa ou ka jwenn fòm yo nan men evalyatè ou a.

Èske ou bezwen èd?

- Kontakte evalyatè lokal ou a. Pou jwenn enfòmasyon pou kontakte evalyatè ou a, ale sou sitwèb Pwofil Minisipal nou an nan orpts.tax.ny.gov/MuniPro.
- Rele Depatman Taks Eta New York la nan 518-457-2036.
- Ale sou sitwèb Depatman an nan www.tax.ny.gov.

**BIWO SÈVIS TAKS SOU PWOPRIYETE IMOBILYÈ
(OFFICE OF REAL PROPERTY TAX SERVICES)
WA HARRIMAN CAMPUS
ALBANY NY 12227-0801
TELEFÒN: 518-457-2036**



www.tax.ny.gov



Department of
Taxation and Finance

Chanjman 2019 nan Egzansyon pou Pwopriyetè ki gen 65 Lane ak Plis



Pou resevwa egzanpsyon STAR Amelyore a, ou dwe enskri nan Pwogram Verifikasyon Revni (Income Verification Program, IVP)

Se yon sèl fwa ou bezwen enskri nan IVP. Si ou kalifye pou egzanpsyon STAR Amelyore a, w ap resevwa egzanpsyon an otomatikman chak ane apre.

Lè ou enskri, avantaj yo gen ladan yo:

- kè poze ou genyen paske ou konnen ou pa pral rate dat limit pou renouvèlman an, ak
- plis vi prive, paske ou pa pral bezwen pataje enfòmasyon sou deklarasyon taks sou revni. Ou ak biwo evalyatè ou a.

Nan premye ane a, evalyatè ou pral verifye si ou kalifye selon enfòmasyon ou bay sou revni ou.

Nan ane ki vini apre yo, Depatman Taks Eta New York (New York State Tax Department) la pral verifye revni ou pou wè si ou kalifye. Ou pa pral bezwen renouvle egzanpsyon an oswa bay kopi deklarasyon taks sou revni ou bay evalyatè lokal ou. Depatman Taks la pral kontakte ou si yo bezwen plis enfòmasyon.



Si ou deja ap resevwa egzanpsyon STAR amelyore a:

Èske ou deja enskri nan Pwogram Verifikasyon Revni an?

Si ou deja enskri, ou pa bezwen fè anyen pou kontinye resevwa egzanpsyon STAR Amelyore a. Depatman Taks la pral kontakte ou si yo bezwen plis enfòmasyon.

Si ou deja ap resevwa egzanpsyon pou moun aje a, w ap toujou bezwen ranpli Fòm RP-467-Rnw, *Renewal Application for Partial Tax Exemption for Real Property of Senior Citizens (Renouvèlman Aplikasyon pou Eganpsyon Fiskal Pasyèl pou Byen Imobilye Moun Aje yo)*, ak evalyatè ou a.

Èske ou poko enskri nan Pwogram Verifikasyon Revni an?

Ou dwe renouvle aplikasyon ou pou egzanpsyon STAR Amelyore a epi enskri nan IVP.

Bay evalyatè ou a fòm sa yo

- Fòm RP-425-Rnw, *Renewal Application for Enhanced STAR Exemption for the 2019-2020 School Year; (Renouvèlman Aplikasyon pou Egzanpsyon STAR Amelyore pou Ane Eskolè 2019-2020 la)*; ak
- Fòm RP-425-IVP, *Supplement to Forms RP-425-E (Sipleman pou Fòm RP-425-E) ak RP-425-Rnw*. Pa bliye mete nimewo Sekirite Sosyal tout pwopriyete yo ak mari/madanm nenpòt pwopriyete k ap viv nan pwopriyete a.

Ou dwe bay prè revni ou jan li dekri sou fòm ou yo.

Si w ap resevwa egzanpsyon moun moun aje a tou, w ap toujou bezwen renouvle avantaj sa a ak evalyatè ou chak ane.

Pou renouvle aplikasyon egzanpsyon pou moun aje a, ranpli Fòm RP-467-Rnw, *Renewal Application for Partial Tax Exemption for Real Property of Senior Citizens (Renouvèlman Aplikasyon pou Eganpsyon Fiskal Pasyèl pou Byen Imobilye Moun Aje yo)*, ak evalyatè ou a.

Èske w ap resevwa egzanpsyon STAR Debaz epi ou kalifye pou STAR Amelyore ane sa a?

Ou dwe aplike pou egzanpsyon STAR Amelyore a epi enskri nan IVP.

Bay evalyatè ou a fòm sa yo

- Fòm RP-425-E, *Application for Enhanced STAR Exemption for the 2019-2020 School Year; (Aplikasyon pou Egzanpsyon STAR Amelyore pou Ane Eskolè 2019-2020 la)*; ak
- Fòm RP-425-IVP, *Supplement to Forms RP-425-E (Sipleman pou Fòm RP-425-E) ak RP-425-Rnw*. Pa bliye mete nimewo Sekirite Sosyal tout pwopriyete yo ak mari/madanm nenpòt pwopriyete k ap viv nan pwopriyete a.

Ou dwe bay prè revni ou jan li dekri sou fòm ou yo.

Si ou kalifye pou egzanpsyon pou moun aje a, depoze Fòm RP-467, *Application for Partial Tax Exemption for Real Property of Senior Citizens (Aplikasyon pou Eganpsyon Fiskal Pasyèl pou Byen Imobilye Moun Aje yo)* apa ak evalyatè ou a

Èske ou poko janm resevwa yon egzanpsyon STAR deja?

Si ou fenk achte yon kay oswa se premye fwa w ap aplike pou STAR, w ap bezwen enskri pou kredi STAR ak Depatman Taks la, tan pou w aplike pou egzanpsyon an. Pou jwenn plis enfòmasyon sou kredi STAR a, ale sou www.tax.ny.gov/STAR.

Enstriksyon pou rezidan Konte Nassau yo

Ranpli Fòm RP-425-IVP, *Supplement to Forms RP-425-E (Sipleman pou Fòm RP-425-E) ak RP-425-Rnw*, ansanm ak *Enhanced STAR Property Tax Exemption Application (Aplikasyon Egzanpsyon Taks sou Pwopriyete Star Amelyore) Konte Nassau a* (disponib pou telechane sou sitwèb konte a nan www.nassaucountyny.gov).

Soumèt toude fòm nan adrès ki nan enstriksyon aplikasyonkonte a. Pou jwenn èd, rele Depatman Evalyasyon Konte Nassau (Nassau County Department of Assessment) a nan 516-571-1500.